




Edike ak Kominike nan Kominote yo sou Zafè Kansè nan Tete ak nan Kòl Ma

YON FOMASYON POU AJAN SANTE KOMINOTÈ





Tab matyè

Tab matyè 3

Apèsi 6

Mwayen pou aprann nan liv sa 6

Wòl yon ajan sante kominotè 7

**Modil 1: Sa Moun Bezwen Konnen Sou Zafè Kansè Kay
Fanm 9**

Kisa kansè a ye? 9

Tout sa ou dwe konnen sou zafè kansè nan peyi Dayiti 10

Sa ki fè fanm gen kansè 10

Mwayen pou prevni maladi kansè 12

Konnen sentom yo 13

Depistaj 15

Trètman 18

Sipò kominotè ak fanmi 20

**Modil 2: Sa ou dwe konnen sou stigmat ak kansè kay
fanm 23**

Kisa stigmat la ye ? 23

Kèk etap pou konbat stigmat nan lit kont kansè 24

**Modil 3. Pèsepsyon ak sa nou ta dwe di moun sou kansè
kay fanm 27**

Modil 4: Kijan pou aprann fanm egzamine tete pa yo 30

Modil 5: Sa pou nou fè si nou jwenn fanm nan kominote a

ki gen sentom kansè 33

Modil 6: Bay swen ak soutni moun ki gen kansè nan
kominote a 34

Modil 7: Ki kote sant ki gen otorite pou fè depistaj ak
trètman kansè yo ye? 36

Modil 8: Gid aktivite a 38

Mobilize Kominote a 38

Poukisa sa mobilizasyon enpòtan? 38

Angajman kominotè ak kansè fanm 40

Kredi ak Remèsiman 41

Tanpri, ale sou sit wèb nou pou fè yon download tout materyèl edikasyon yo.

Ou ka jwenn sa yo nan sit la: **www.innovatinghealthinternational.org**

EDIKE AK KOMINIKE NAN KOMINOTE YO SOU ZAFÈ KANSÈ NAN TETE AK NAN KÒL MATRIS: YON « BWAT ZOUTI » POU AJAN SANTE KOMINOTÈ

Apèsi

Ki moun ki ka sèvi ak liv sa?

Liv sa te ekri pou ede moun ki travay nan zafè lasante kominike ak edike sou kisa kansè fanm nan ye. Li ka sèvi tou pou fòme enfimyè ki pa espesyalize men ki ap travay ak fanm ki fè kansè. Òganizasyon yo ka sèvi ak li tou si yo vle fè sèvis mobilizasyon ak sipò psikosoyal. Si mwayen pou aprann ki ekri pi wo yo ale ak bezwen òganizasyon ou, liv sa a fèt pou ou!

Liv la gen yon seksyon pou teyori ak kijan pou aprann konsèp yo ak yon seksyon pou egzèsis pratik yo. Egzèsis sa yo ka bon ni pou bezwen yon moun, ni pou bezwen yon òganizasyon.

Mwayen pou aprann nan liv sa

Gid sa ap pèmèt ou :

- Angaje ak byen kominike ak kominote a sou kansè kay fanm.
- Konnen sa kansè fanm nan ye, ki sa ki bay li, ak kijan pou prevni maladi sa
- Montre moun ki gen sentom yo pi bon fason pou yo viv.
- Montre moun yo kijan pou yo fè depistaj pou tèt yo
- Bay moun ki gen kansè nan kominote a swen
- Fè fanm yo pran kontak ak sant trètman pètinan yo.

1

Wòl yon ajan sante kominotè

Wòl yon ajan sante kominotè (ASK) se bay bon jan enfòmasyon sou maladi kansè ak ankouraje lòt konpòtman pou proteje kominote a tankou « fè depistaj pou tèt ou. » ASK yo la tou pou yo pote sipò psikososyal ak direksyon bay fanm ki ap pran trètman pou maladi sa .

Li enpòtan pou ASK yo:

- Fè moun nan kominote a fè anpil chita pale sou maladi kansè
- Rasanble moun yo pou yo konnen ki sa y'ap deside pou kominote a.
- Ankouraje prevansyon, kontròl maladi kansè ak konpòtman sipò.
- Travay ak moun yo pou yo byen konnen lòt bon prevansyon ki fèk vini.
- Fè moun kominote a pran kontak ak sèvis depistaj ak trètman kansè.

- Sipòte moun ki gen kansè ak fanmi yo.

- Rann diskisyon ak desizyon yo fasil sou kijan pou ka pi byen ede lòt moun ki nan kominote a.

ASK yo se kle pou edike ak mobilize kominote a pou konbat maladi kansè a ansanm. Se vre paske moun nan kominote a fè ASK yo konfyans paske yo gen anpil eksperyans nan zafè pale ak moun.

Nou mete tout enfòmasyon ki nesèsè pou trètman kansè nan liv sa, men kansè se yon maladi ki konplike anpil. Li bezwen atansyon moun ki espesyalis. Wòl ajan sante kominotè yo nan ka sa se degaje yo pou edike moun ki nan kominote yo e pou montre yo nesèsite pou yo pran kontak ak moun ki nan sant depistaj ak sant trètman yo.

Edikasyon popilasyon sou maladi kansè a pwal fè kominote a enplike l' nan piti kou gwo seyans edikasyon an gwoup epi rann vizit nan chak kay patikilye. Sa vle di kiltive plis relasyon, pataje enfòmasyon e rezoud pwoblèm ansanm ak kominote a

1

pou nou kapab kreye bon kondisyon kote depistaj kansè a kapab pratike, asepte epi ankouraje. Pandan y'ap mobilize kominote a pou rasanble e pran mezi kont kansè, ASK yo kapab konstwi inite e sipò pou youn ak lòt nan fanmi yo e nan vwazinaj yo. Objèktif ki vize nan mobilize kominote a se ankouraje manm yo pou yo lite kont kansè epi travay ansanm ak yo pou devlope plis pratik pou kominike pi byen sou kesyon maladi a e pou konbat li pi byen.

Dènye seksyon nan liv sa a pale de yon seri aktivite ki va angaje konpetans ou genyen nan kominikasyon pou motive e edike kominote a. Nou pral ba ou anpil zouti ke w'ap kapab itilize pou ranfòse efò ou yo pou edike kominote ou. Fòk ou dekouvri pou tèt ou sa ki mache byen ak sa ki pa mache byen e devlope strateji pa ou yo pou kominike byen.




I

Modil 1: Sa Moun Bezwen Konnen Sou Zafè Kansè Kay Fanm

Kisa kansè a ye?

Kò moun gen plizyè ti inite yo rele selil. Selil sa yo pèmèt kò nou yo byen fonksyone epi kò a toujou ap ranplase yo le selil yo vin vye ou lè yo mouri. Tankou pa egzanp, si w te koupe dwèt ou, po ou te kapab grandi ankò pou fèmen blesi a. Sa se yon egzanp de selil ki mouri epi refèt (rejenere) ankò.



Kansè se yon maladi ki fèt lè selil yo kontinye miltipliyè

Kansè se yon maladi ki fèt lè selil yo kontinye miltipliye

epi yo pa janm sispann. Se sak fè siy ki pi evidan nan maladi kansè se yon timè ki se yon kokenn chenn kwasans ki fèt andedan ou deyò kò a. Sa ki fè kansè touye moun se selil oubyen timè a (oubyen toulède) vale tout fòs kò a bezwen pou li ka viv. Gen lòt rezon ki ka fè maladi kansè touye moun tou.

Kansè se yon maladi ki ka trete! Paske se yon maladi ki grandi toutotan lè ap pase, si yon moun ki gen maladi kansè pa ale kay doktè tou swit pou wete time a li ka gentan gaye nana tout kò a. Li pi fasil pou viv ak maladi kansè si ou dekouvri l' byen bonè epi chache trètman pou li anvan li twò ta. Gen anpil trètman ki ka touye, ki vle di trete, kansè a si ou konnen sa nan bonè men ki pap kapab fè anyen si maladi a gentan rasi. Se sa ki fè li enpòtan pou tout moun konnen siy ak sentom kansè epi pou yo pa pè ale jwenn yon doktè pou chache trètman byen bonè. Lè maladi kansè a gentan gaye nan tout kò a yo rele li « kansè metastatik »; lè sa a moun nan ka pedi la vi li.



Kansè sen an se yon boul ki pa te dwe la ki grandi nan tete fanm lan. Souvan ou kapab wè li epi santi li nan tete a.

Kansè nan kòl matris se yon lòt kalite kansè. Matris fanm lan andedan vajen li, ou pa ka wè li. Se selman doktè ou byen enfimyè ki ka wè kansè a pandan y'ap fè egzamen vajen an ak yon loup yo rele kòlposkòp. Sa sa ki fè anpil fanm pa konnen si yo gen yon kansè nan matris.



Lè kansè a fin gaye nan tout kò a, li rele kansè **metastatik**.

Sèvo, poumon, glann lenfatik yo ak zo yo se zòn nan kò a ki pi fasil devlope yon kansè ki ka fini ak kansè metastatik. Trètman pou kansè metastatik sen an dire tout la vi epi fòk gen anpil konsantrasyon sou kontwol maladi a ak sou jan moun

nan mennen la vi li. Lè yon moun gen kansè metastatik sa pa vle di moun nan pral mouri tou swit. Wi gen fanm maladi sa a touye men yo ka viv plizyè lane.





Tout sa ou dwe konnen sou zafè kansè nan peyi Dayiti

Dr. Cornely, Direktè Pwogram Onkoloji nan ministè sante piblik ak popilasyon, MSPP, dekri sitiyoasyon an nan Ayiti, « Kansè a se yon pwoblèm grav sante piblik ki dwe okipe prese prese. »

Dapre Dr. Cornely, kansè nan kòl matris ak nan sen se kansè ki fèt pi souvan nan peyi a, ki atake fanm ki gen laj soti nan 40 pou rive nan 50 an.

Nan peyi Dayiti se plis fanm ki okipe timoun epi se yo ki plis bay levasyon. Lè yo mouri anvan lè, se pa sèlman sosyete a ki pran move kou, men se plis timoun ki manke swen ak levasyon.



Sa ki fè fanm gen kansè

Kansè pa yon maladi kontajye. Sa vle di kansè a se yon maladi natirèl kò a devlope lè li pa nan bon jan swen epi yon moun pa ka bay yon lòt moun li, tankou VIH ou byen tibèkiloz. Se mwayen nou sot pale de yo a ki prodwi kansè ou byen moun nan ka pran l nan fanmi li.

1

Kansè sen: Bagay ki fè fanm gen kansè sen pi plis se::

1) Lè w twò gwo






2) Bwè tròp alkòl



3) Fimen.



4) Eredite/si lòt moun nan fanmi an konn genyen kansè



Mwayen pou pa viv ak risk kansè:

Yonn nan mwayen se pou ou pa vin trò gwo se pa manje kèk bagay tankou anpil magi, vyann ki gen tròp disèl ak tròp grès epi pa bwè gazez. Tròp grès nan kò a ka irite li e fè li anfle epi sa ka pwodui kansè.

Lè ou bwè anpil alkòl tankou ronm, byè ou byen diven, sa kapab irite kò a ou byen fè li anfle, tout bagay sa yo bay plis chans pou moun gen kansè.

Tabak ka bay tout kalite fòm kansè. Lafimen sigarèt la mete yon sann maron yo rele goudron andedan poumon an ki ka bay kansè.

Kèk fanm gen kansè sen (tete) paske maladi sa nan jèn fanmi yo, sa rele ereditè. Si yon fanm gen yon moun nan fanmi li tankou yon sè, yon manman, ou byen grann li ki te gen kansè sen, li posib pou li gen menm kansè a tou.

Kansè nan kòl matris: Mwayen ki fè moun ka gen kansè kòl matris se:

1) Obezite (lè ou trò lou ak trò gwo)



2) Lè ou bwè alkòl ou byen fimen tabak



3) Lè ou gen yon mikwòb yo rele PVH (Papiyomaviris Imen). Se yon mikwòb moun ka pran nan fè bagay. Mikwòb sa pa kansè pou kont li men li ka fè selil ki nan matris yo miltipliye jiskaske yo tounen kansè.



Mwayen pou prevni maladi kansè

Kansè se yon maladi ki depann de kisa n'ap manje ak kijan n'ap viv. Se pa toujou akòz de yon sèl bagay moun gen kansè, men gen mwayen pou nou ka prevni kansè a ak pwoteje tèt nou. Nou kapab redwi chans pou nou gen kansè lè nou manje byen, lè nou fè espò ak lè nou veye sou sante lespri nou ak sante kò nou.

Si ou manje bon jan fwi ak bon jan legim, w'ap redwi chans pou ou pran maladi kansè. Ou ka kouri dèyè kansè tou lè ou fè atansyon pou ou pa trò gwo epi fè anpil aktivite.



Kansè sen: Bay ti bebe ou tete kapab fè ou pa gen maladi kansè sen. Fanm ki bay pitit yo tete pou mwens pase yon lane tire mwens avantaj pase fanm ki bay pitit yo tete pou tout yon lane. Plis ou bay pitit ou tete, plis ou pwoteje tèt ou kont maladi kansè sen.

Kansè kòl matris: Se viris PVH la ki bay kansè kòl matris. Moun pran li nan fè bagay. Si ou mete yon prezèratif pandan relasyon an, si ou pa gen anpil patnè seksyèl, ou va redwi chans pou ou pran PVH la e ou tou redwi chans pou ou gen kansè nan kòl matris ou.

Ti fi ki gen laj soti nan 12 pou rive 13 zan kapab pran vaksen kont PVH la ki pral pwoteje yon kont kansè kòl matris.

Mesye yo tou, fòk yo jwe wòl yo nan kominote a pandan y'ap pwoteje l; fòk yo fè chwa ki reskonsab e fòk yo fè tout efò pou yo pap pwopaje viris PVH la.



Konnen sentom yo

Kansè a ka devlope nenpòt ki kote nan kò a, li vin tounen timè. Konnen sentom yo ak montre popilasyon an kisa pou yo chache se yonn nan bagay ki pi enpòtan nan lit kont kansè a. Si fanm yo konnen sa pou yo chache, yo ap ka ale wè yon ASK ou byen ale nan yon sant pou depiste kansè a epi trete li. Si yo gen chans fè sa bonè, y'ap gen plis chans viv pi byen.

Kansè sen :

Sentòm prensipal kansè sen an se chanjman nan fason sen an parèt oubyen santi.
Kansè sen an vle di gen yon tme ki ap devlope andedan sen an ki chanje aparans li konsa:

- Fòm sen an chanje



- Po tete a vin sanble ak po zoranj dous



- Li gen yon boul ou ka santi



- Po a vin sèch



- Tete bay san



- Pwent tete tounen lanvè



Ou ka pa wè time a andedan sen an. Sa sa ki fè li enpòtan pou fanm lan verifye tete li yo pou pipiti yon fwa chak mwa. Se pou li manyen yo lè l'ap benyen ou byen lè l'ap mete soutyen.

Kansè kòl matris : Sentom kansè kòl matris ou jwenn pi souvan se lè vajen bay san lè li pa dwe bay li, tankou li ka bay san de fwa nan yon mwa, apre moun nan fin fè bagay ou byen apre moun nan fin fè menopoz. Gen fanm ki konn gen gwo doule anba ti vant yo pandan y'ap fè bagay epi vajen yo bay ti dlo ki pa nòmal. Fanm yo dwe fè anpil atansyon ak peryòd règ yo pou yo kapab remake tout sa ki pa nòmal. Si yo wè règ la vini yon fason ki pa nòmal, se pou yo ale lakay yon doktè touswit.



Depistaj

Ou fè depistaj pou ou kapab dekouvri si ou gen pwoblèm sante anvan menm sa rive. Sa vle di ou dwe al wè doktè de tazantan nan yon fason ki regilye.

Kansè nan sen: Yonn nan fason ki pi bon pou ou depiste kansè nan tete a se sa yo rele otoegzamen (egzanminen tèt ou). Se lè fanm lan fè egzamen tete a pou kont li, li gade gwosè li, si li chanje fòm, e si po a nòmal. Pi bon moman pou sa ta fèt, se lè fanm nan ap mete soutyen ou byen lè l'ap benyen epi sa ta dwe fèt pou pipiti yon fwa pa mwa. (Si ou toujou gen règ, pi bon moman an se yon semèn anvan règ la kòmanse)

Genyen anpil fason diferan yon fanm kapab verifye tete li yo pa gen boul. Fanm nan ka fè metòd depistaj sa a lakay li san sa pa koute li anyen!

Ou dwe gen kapasite pou anseye metòd sa a a lòt moun. Se pou ou li etap sa yo epi pratike yo jiskaske ou konnen yo pa kè san ou pa chanje anyen nan lòd la.

1

Etap 1: Mete men w nan senti w, mete zepòl ou dwat epi gade tete w.

Men kèk bagay pou ou chèche

- Asire ke lajè tete a, fòm li ak koulè li nomal.
- Tete ki gen fòm nòmal san okenn chanjman ou boul

Si ou wè yonn nan chanjman nan lis ki swiv sa, se pou ou al wè yon doktè:

- Ti tou, po plise ou byen po ki fè ti anfle.
- Si pwent tete a chanje pozisyon ou byen si li tounen lanvè (li rantre olye li soti)

Si li wouj, si li gen doulè, iritasyon, ou byen anfle.



Etap 2: Kounye a leve bra ou epi chèche menm chanjman nou sot pale de yo pi wo a. Sèvi ak men dwat ou pou egzamine tete goch ou epi sèvi ak men goch ou pou egzamine tete dwat ou. Manyen tete a yon jan ki fèm epi regilye ak pwent de ou byen twa dwèt. Ou ka mete dwèt ou kouche sou kò tete a, fè mouvman won nan gwochè yon adoken.



Etape 3: Ou byen tou ou kapab kouche pou fè egzamen sa. Sèvi ak men dwat ou pou egzamine tete goch epi sèvi ak men goch ou pou egzamine tete dwat ou. Manyen tete a yon jan ki fèm epi regilye ak pwèn de ou byen twa dwèt. Ou ka mete dwèt ou kouche sou kò tete a, fè mouvman won nan gwosè yon adoken.



Doktè ak enfimyè yo ka sèvi ak yon machin yo rele **iltason** pou egzamine tete a epi gade pou wè si li gen timè ladan'. Sa se lòt etap nan verifikasyon sentom si yon fanm ta wè tete li vin pi gwo pandan l'ap egzamine tèt li pou kont li. Gen anpil etablisman kote yo ka fè egzamen sa a.

Kansè kòl matris: Fòk fanm fè anpil atansyon pou yo remake sentom kansè kòl matris yo paske pa genyen pyès mwayen pou yo egzamine tèt yo pou kont yo. Se sa ki fè, fòk tout fanm ki gen 21 lane ale lakay doktè pou yo fè depistaj kansè pou pipiti yon fwa chak senk an.

Genyen anpil fason diferan pou **depiste kansè kòl matris**.

Metòd « Gade pou Trete » a: Metòd « gade pou trete » a se pa sèlman pou depiste kansè nan kòl matris, men yo kapab trete jèn ti fòm kansè nan kòl matris la ak metòd sa tou. Genyen de (2) fason pou yo fè sa, men pou tou lè de (2) se pou yo pran ti kal nan selil ki malad yo pandan y'ap fè yon konsiltasyon jinokolojik.

1. **Enspeksyon vizyèl ak asid estetik** ak sa yo rele kriyoterapi (« gade e jele ») - sa tout moun rele VIA/kriyo a. Se sèman yon enfimyè ki ka epi ki gen dwa fè operasyon sa. Pandan l'ap fèt la, enfimyè a ap mete yon ti vinèg nan kòl matris la, pwodwi chimik ki nan vinèg la ap reyaji sou kòl matris la epi selil ki malad yo ap chanje an blan. Lèfini enfimyè a ap jele selil sa yo ak yon sond kriyo pou li kapab touye selil ki gen kansè nan kòl la. Pwosedi kriyo a pa gen doule ladann. O kontrè fanm ki fè depistaj ak



egzamen pelvyen an konn bezwen fè terapi kriyo a pou selil ki malad yo ou byen sa ki pral malad yo. Chak senk an li bon pou fè egzamen pelvyen pou ka prevni devlopman kansè kòl matris. Se sa plis moun nan peyi Dayiti fè pou depiste kansè nan kòl matris.




2. Si gen anpil selil ki gen kansè nan kòl la, doktè a ka sèvi ak yon lòt pwosedi ki rele **kòlposkopi**. **Kòlposkopi** vle di lè yon doktè sèvi ak yon aparèy pou gwosi deyò vajen an ak kòl la pou egzamine yo. Si li wè yon pwoblèm pandan egzamen an li pral pran yon ti kal nan kòl la (sa rele yon biyopsi). Si li bezwen fè sa, li kapab fè sa'k rele yon resekyon a ans dyatèmik (RAD) pou retire selil ki gen kansè yo. Pwosedi sa bon anpil pou retire selil ki gen kansè nan kòl matris la.

1

3. **Yo ka bay fè egzamen PVH** la pou yo wè si fanm lan gen viris PVH la ki ka provoke kansè nan kòl matris. Egzamen PVH la ap ede doktè a wè ki moun ki gen risk pou kansè matris kòl la devlope. Si tès la pozitif sa vle di moun nan dwe sibi yon operasyon pou retire selil ki malad yo. Si tès fanm nan pozitif pou PVH la li pral bezwen sibi operasyon VIA/Kriyo ou byen fè tretman kòlposkopi a ak RAD. Fanm yo ka sèvi ak tanpon vajinal pou yo pran echantiyon nan selil ki andedan vajen an pou fè tès PVH la. Lè yo pran echantiyon sa yo, yo pral egzamine yo nan yon machin ki pral di si tanpon vajinal la gen PVH ou byen si li pa genyen..



4. **Papaniculuou oubyen yon « Pap Tès »** se yon egzamen kote yo pran selil kòl matris la epi yo egzamine yo pou wè si yo nòmal, si yo pral gen kansè ou byen si yo gentan genyen kansè. Fòk egzamen Pap Tès la fèt nan yon laboratwa. Se sa'k fè yo fè egzamen sa yo mwen souvan nan peyi k'ap devlope. Si Pap Tès yon fanm pozitif, li pral bezwen fè yon operasyon pou retire selil ki malad yo.





Trètman

Kansè nan sen ak nan kòl matris se maladi ki ka trete si ou al we yon doktè epi fè depistaj ou byen bonè. Gen anpil fason diferan ou ka trete kansè nan sen ak kansè nan kòl matris, men fason moun yo plis itilize se chimyoterapi, operasyon ak radyoterapi.

Si yon moun gen yon kansè ki devlope anpil lamedsin pap ka fin retire kansè a nèt nan kò li. Yo ka fè chimyoterapi pou fè time a pa grandi trò vit ak swen palyatif. Chimyoterapi a ap fè moun nan santi l' pi byen epi l'ap viv pi lontan pase si li pa te fè anyen. Moun ka viv ak kansè avanse ak metastatik si yo nan trètman.

Chimyoterapi se yon medikaman yo bay nan venn pou trete kansè.



1


Li touye tout move selil ki gen kansè k'ap miltipliye byen vit epi li anpeche yo revini ankò. Li ka retire nan gwochè yon timè. Chimyoterapi a atake nenpòt selil k'ap miltipliye, pa sèlman selil ki gen kansè. Selil yo miltipliye pi rapid nan cheve, nan zong ak nan lestomak. Se pou sa cheve ak zong nou yo tèlman pouse vit. Pandan chimyoterapi, a moun ki gen kansè a ka fè eksperyans sa yo:

1. Cheve tonbe
2. Zong ki chanje koulè
3. Anvi vomi ak vomi
4. Po a ki chanje



Nomalman, Lè chimyoterapi a fini, aksyon sa yo disparèt lakay pi fò moun ki gen kansè.

Yon moun k'ap fè chimyoterapi ap bezwen ale kay doktè regilyèman pou doktè a ak enfimyè yo kapab swiv jan l'ap pran medikaman chimyoterapi a. Gen kèk kansè ki ka trete nan klinik san moun nan pa bezwen entène nan yon lopital sa vle di li ka fin konsilte epi ale lakay li epi retounen dapre randevou doktè bay li. Men fòk moun sa a byen swiv pwogram chimyoterapi doktè a bay li a.




Chiriji. Operasyon pou retire kansè a nan kò moun nan ki kapab sove lavi li. Pou chiriji a fèt fòk yo bay moun yon anestezi pou li dòmi pou li pa santi doulè pandan operasyon sa. Yo toujou fè operasyon sa nan kote kansè a ap grandi nan kò moun nan.

Si yon fanm gen kansè sen, yo pral fè sa yo rele yon ablasyon nan sen an ou byen yon mastektomi, dapre kòman kansè a devlope. Si timè a pa twò gwo nan sen an, doktè a ap ka fè yon ablasyon, ki vle di retire sèl ti kote ki gen kansè a nan sen an. Men si kansè a gentan twò gwo, doktè a ap blije retire tout sen an. Se sa yo rele yon mastektomi. Si moun sa pa vle fè mastektomi a, kansè a ap kontinye grandi epi l'ap touye moun nan pi devan.

1

Gen kèk kote ki bay mastektomi ak rekonstriksyon. Sa vle di operasyon retire sen an epi yo ranplase li pa yon grèf yo fè ak grès ak po yo pran nan lòt pati nan kò a.

Si yon fanm gen yon kansè nan kòl matris ki avanse, doktè a ka blije fè operasyon pou retire matris la (kote ti bebe a grandi andedan vant la). Sa rele isterektomi, sa vle di operasyon pou retire tout matris la kote ki gen kansè a.



Radyoterapi. Radyoterapi a sèvi ak reyon ki gen yon pakèt enèji pou trete kansè sen ak kansè kòl matris. Li ka fèt deyò ou byen andedan kò a.

- Nan radyoterapi ekstèn (deyò kò a), yo sèvi ak yon gwo aparèy pou voye gwo enèji nan kote ki malad nan kò a.

gwo chej nan kote ki maladi nan kò a.

- Radyoterapi entèn vle di mete materyèl radyoaktif andedan kò a.

Radyoterapi a touye tout selil ki gen kansè nan kote k'ap pran trètman nan kò a.

Yo pa fè radyoterapi nan peyi Dayiti nan moman nou ap pale la. Ou ka jwenn li nan lòt peyi ki tou pre yo.

.



Sipò kominotè ak fanmi

Fanm ki gen kansè yo souvan se viktim prejije ak abandon epi sa fè yo ka pa pale de sa ak mari yo ou byen ak moun ki responsab yo. Anpil fanm kache maladi yo a paske yo pè sa moun ka panse epi sa fè lè yo ale lakay doktè maladi a gentan grav ase, li pap fasil pou trete.

Pou ankouraje fanm al fè depistaj ou byen al swiv yon trètman, fòk antouraj yo ba yo sipò.

Paske nou se ekspè nan zafè trètman ak sipò pou moun ki



!

gen kansè nan peyi Dayiti, nou wè deja konbyen sipò sosyete a ak lafanmi enpòtan nan retablisman yon pasyan.

Egzamen pou Modil 1 : Vre oubyen pa vre?

1. Kansè se yon maladi ki fèt lè selil yo miltipliye san kanpe:

V F

2. Se sèlman nan deyò kò a ki ka gen kansè:

2. Se sèlman pa deyò kò a ki ka gen kansè:

V F

3. Kansè konn fèt lè yon fanm frape nan tete oswa nan vajen:

V F

4. Lè ou gwo, gen plis chans pou ou gen kansè:

V F

5. Ou pa kapab depiste plis pase yon sèl fwa pou kansè sen lakay doktè:

V F

6. Lè ou bay san de tanzantan se yon sentom prensipal pou kansè nan matris:

V F

7. Trètman ak chimyoterapi a bay lòt pwoblèm. Yonn nan pwoblèm sa yo se pèdi cheve:

V F

8. Si ou gen kansè nan matris se pou ou fè operasyon pou ou retire maladi a.

V F

9. Yo bay trètman palyatif la pou retire kansè a nèt.

V F

10. Yo konn abandone fanm yo lè yo gen kansè:

V F

1

Modil 2: Sa ou dwe konnen sou stigmat ak kansè kay fanm

Kisa stigmat la ve ?

Mot *stigmat la soti nan* mo laten ak grèk *sigma* ou *stigma*, ki vle di « piki ». Li vle di « make » ou byen « mete etikèt ».

Stigmatize yon bagay vle di mete move etikèt sou do yon moun pou make l mal nan yon fason li p'ap kapab efase.

Dapre Goffman (1963), stigmat se yon mwayen pou desann valè yon moun nan je lòt moun.



Aspè kiltirèl stigmat la

Stigmat se yon kwayans oubyen yon abandon de yon moun oswa yon gwoup moun ki pa an règ ak sosyete a nan je lòt moun. Stigmat fè yon moun plis pè rankontre ak gwoup moun ki sanble pa fè pati de sosyete a tankou etranje nan yon peyi ou byen moun ki gen SIDA. Stigmat la soti nan yon pawòl ki pa vre epi li revele tèt li tankou yon kritik sevè de sa yon moun konsidere tankou imoral. Stigmat fè moun sibi rejè sosyal epi li separe gwoup ki pi vilnerab de rès sosyete a.

Stigmat ak diskriminasyon

Stigmat ak diskriminasyon sa kòkòt ak figaro, dan ak lang ; yonn ede lòt. Stigmat la fè moun aji ak poze aksyon ki diskrimine lòt moun pou mete yo mal alèz. Nou kapab di diskriminasyon se mete stigmat an aksyon.

Stigmat ak kansè nan peyi Dayiti



Lè fanm gen kansè nan peyi Dayiti, yo stigmatize yo. Stigmat la jwenn sous li nan atitid endividyèl ak sosyal e li genyen kòm rezilta plizyè move konpòtman. Move konpòtman sa yo vyole dwa ak diyite moun ki gen kansè yo epi sa fè yo pa chèche swen ak tretman pou maladi yo a.

Stigmat la ka atake lanmou pwòp yon moun si li deja nan yon eta vilnerab. Menm jan an VIH/SIDA, gen anpil bagay moun panse de kansè ki pa vre. Se paske moun pa konnen anyen ni sou maladi a ni sou tretman li ki fè yo kwè bagay sa yo. Nou ka pran egzanp gen moun ki kwè lè ou frape nan tete sa ka ba ou kansè sen; gen lòt moun ki kwè se sèlman fanm k'ap fè jenès ki ka gen kansè kòl matris.

Enpak kominote a sou moun ki gen kansè lè li pa ede l'

Tretman yon maladi pa fasil lakay yon moun ki stigmatize paske anviwònman li ap genyen yon move enfliyans sou li. Stigmat la se yon gwo defi pou moun k'ap lite kont kansè paske li :

- Dekouraje efò pou prevni kansè a.
- Fè fanm yo pè chache konnen si yo gen kansè.
- Anpeche fanm aprann kòman yo ka redwi risk yon kansè metastatik epi fè atansyon nan konpòtman yo.
- Anpeche fanm ki malad veye lòt pwoblèm maladi a pote.
- Gen yon move enpak sou jan fanm yo depann de tèt yo.

Lè yon fanm pè stigmat la li pap vle ni pale sou kansè a ni trete li. Okontrè, l'ap vle sere kansè a de fanmi ak patnè seksyèl li yo pou yo pa kite li sèl, pou yo pa abandone li, pou li pa pèdi travay li e pou yo pa trete pitit li yo mal. Tout bagay sa yo ka lakòz fanm nan pran yon kansè metastatik, paske l'ap pè chache konnen sa maladi li ye.



Kèk etap pou konbat stigmat nan lit kont kansè

Fòk nou trete diskriminasyon nan zafè kansè, sitou kansè kay fanm yo an Ayiti. Pou nou fè sa, li enpòtan pou nou mobilize tout moun ki konsène nan tout nivo (politik, sosyal) pou sipò ak mobilizasyon an.

Fòk tout òganizasyon ak tout gwoup gen yon strateji pou sèvi ak tout resous e tout mwayen ki disponib pou kominike ak tout moun ki viv nan zòn pa yo, pou yo kapab prevni ak mobilize moun ki nan lokalite a sou zafè kansè nan matris ak nan sen. Sa se yon etap ki enpòtan pou kraze chenn diskriminasyon an e pou bay tout moun aksè a enfòmasyon ak bon jan swen.

1. Kansè, yon maladi natirèl

Li enpòtan pou tout moun konnen ke kansè pa gen anyen pou wè ak peche ou byen ak malediksyon. Se yon maladi natirèl tankou tout lòt maladi natirèl. Se pa yon pinisyon ou byen yon maladi ki fèt pou fanm ase. Tout moun ka gen kansè.

2. Sansibilizasyon

Se pou ou konvenk moun yo ke yo bezwen pran konsyans de nenpòt chanjman ki fèt nan kò yo. Lè yo wè yon bagay ki pa nòmal se pou yo ale lakay doktè touswit pou yo fè depistaj epi chache konnen kisa lòt moun ki travay nan lamedsin panse. Yo pa dwe pè sa moun kapab di pou yo pa chache trètman.

3. Trètman

Eksplike yo kòman trètman an ye epi poukisa moun ki malad la ak tout fanmi li dwe kenbe lanmou pwòp yo pandan ak apre trètman an. Plis moun nan kominote a konnen kisa trètman an ye, mwens y'ap pè konsekans yo.

4. Sèvis disponib

Fè fanm yo konnen sant kote yo menm ak tout fanmi yo ka jwenn sèvis disponib. Plis moun yo geri lè yo fè trètman yo, plis sa ap enfòme popilasyon an epi tou chanje fason moun yo panse.

5. Respè pou diyite moun ki gen kansè

Li enpòtan pou tout moun konprann la lwa bay tout moun dwa pou yo jwenn swen pou sante fizik ak mantal yo. Tout moun gen dwa konnen si yo malad ou byen non. Tout moun k'ap travay ak moun ki gen kansè dwe, sitou moun k'ap travay ak fanm, dwe rann kont ke yo konn viktim vyolans (seksyèl, ekonomik, emosyonèl al vèbal) poutèt maladi yo a souvan.

6. Sipò fanmiy yo ak kominote a

Yonn nan bagay ki gen anpil pwisans ki ka ede yon moun se lè fanmi li fè yonn, yo ini. Solidarite nan fanmi ap fè moun nan kenbe prestij tèt li lè moman yo difisil. Donk, li bon pou fè moun nan kominote a sonje ke sipò fanmi ak kominote a kapab bay moun ki gen maladi kansè kouraj pou li chache dyagnostik li yo epi chache tretman kansè a. Fè moun yo sonje ke si yo bezwen pale de kansè nan fanmi yo, yo bezwen pale tou de kijan pou yo soutni moun ki genyen maladi a. Yo bezwen pale ak moun ki konnen kisa maladi a ye pou yo poze li kesyon sou li.

Fanmi se yo chenn, chak may nan chenn nan enpòtan pou ekilibre li. Se wòl ASK yo pou yo montre enpòtans wòl fanm nan genyen nan sosyete a.

Egzamen pou Modil 2: Vre oubyen pa vre?

1. Ou jwenn rasin stigmat nan atitud endividyèl ak sosyal. Rezilta stigmat se yon seri de konpòtman ki vyole dwa ak diyite moun ki gen kansè.
2. Pou stigmat trete, se kominote a sèlman ki bezwen ajè. Lòt pati pa bezwen mete men.
3. Li fasil pou fanm ki gen kansè kenbe lanmou pwòp yo.
4. Stigmat la anpeche fanm yo al fè depistaj.
5. Stigmat la kapab trete si yo enfòmè kominote a.
6. Si yon fanm gen move dyagnostik, yo pa dwe di l' sa .
7. Kesyon sou zafè kansè enpòtan tankou vyolans ak abi ekonomik.
8. Stigmat kapab anpeche yon bon trètman.
9. Ou pa bezwen bay fanm ki gen kansè kouraj paske lamedsin ap fè sa.
10. ASK yo ka gen gwo enfliyans sou stigmat.

Modil 3. Pèsepsyon ak sa nou ta dwe di moun sou kansè kay fanm

Ministè sante piblik ak popilasyon an (MSPP), Innovating Health International (IHI), Gwoup sipò kont kansè (GSCC) ou (GSKK), JP/HRO ak Fanm nan Demokrasi (FED) Fè yon gwo sondaj nan peyi Dayiti pou konnen kisa moun nan peyi a panse sou maladi kansè a. Nou te jwenn anpil diferans nan lide moun yo sou koz, sentom ak konplikasyon kansè a! Men isit la se pwèn ki pi enpòtan yo n'ap trete pou dekouvri pèsepsyon moun yo.

Fo ide moun konn genyen souvan sou kansè : Men kèk fo ide gason kou fanm konn genyen sou kansè nan peyi Dayiti.

- a) Lè moun gen kansè sa vle di li pwal mouri.
- b) Kansè pa yon maladi natirèl.
- c) Trètman kansè koute twòp lajan pou mwen, m'pap kap peye l'.
- d) Depi m' gen kansè nan tete sa vle di yo pwal koupe tete a.
- e) Si yon moun oubyen yon bagay frape tete a oubyen kòl matris la se sa ki pwal lakòz kansè nan tete.
- f) Ou jwenn kansè kòl matris nan fè bagay nan fason ki brital oubyen nan kèk pozisyon ou pran lè w'ap fè bagay.
- g) Se yon doktè ki pou fè tès tete yo.
- h) Kansè kòl matris la trete se lè w retire matris la.



Mesaj kle

Sou baz fason kle sa yo ke moun konn panse de kansè, n'ap vini ak yon seri de mesaj kle. Ajan Sante Kominotè, medya yo ak lidè kominotè yo dwe souliye lè y'ap pale sou maladi kansè a.



1. Kansè se yon maladi ki ka trete.

Li enpòtan pou yo souliye ke kansè se yon maladi ki kapab trete. Si doktè fè dyagnostik kansè, sa pa vle di ou pwal mouri pou sa. Men tou lè yon moun kòmanse trètman pou maladi kansè, li dwe swiv sa doktè ak enfimyè yo di.



- 2. Kansè se yon maladi ki gen orijin li nan faktè ki deyò moun nan nan anviwònman an ak nan istwa fanmi moun nan (nan jenetik moun nan).**
Kansè pa yon maladi kontajye kote yon moun ka bay yon lòt li. Se yon maladi ki soti nan ras ak jan n'ap manje e jan n'ap viv.
- 3. Swen pou kansè pa koute chè oubyen gratis nan peyi Dayiti** nan lopital Senlik ki nan Taba, lopital Mibalè a ak lopital Jistiyen ki nan Okap. Se pou w asire w ou souliye ke swen pou maladi kansè a disponib nan peyi Dayiti e ke genyen etablisman ki fè depistaj e trètman gratis.
- 4. Kansè nan tete kapab trete ak chimyoterapi** e doktè kapab retire kansè a nan tete san yo pa bezwen koupe tete a sèlman si maladi a te dyagnostike byen bonè. Anpil fanm pè fè depistaj kansè nan tete paske yo panse yo pwal koupe tete yo si yo dekouvri yo gen kansè nan tete yo. Si w fè yon dyagnostik kansè nan tete a bonè, ou ka gen sèlman yon ablasyon ki se yon pwosedi pou yo retire kansè a nan tete a.
- 5. Bagay oubyen moun ki frape tete a pa ka bay yon moun kansè nan tete.**
Anpil moun nan peyi Dayiti panse depi yon bagay oubyen yon moun frape tete a, sa ka bay kansè nan tete. Se pou ou souliye ke se pa vre.
- 6. Se viris PVH la ki lakòz kansè nan kòl matris. Sa pase nan kò yon moun pandan l'ap fè bagay (sèks).** Anpil moun panse se fè sèks sovaj ki lakòz kansè nan kòl matris. Se pou ou souliye ke se pa sèks di ki lakòz kansè nan matris men se lè ou trape PVH, yon viris ki transmèt nan seks. Viris la pou tèt li pa kansè men li ka fè selil matris la devlope yon kansè.
- 7. Fanm nan ka fè egzamen tete a pou kont li.** Ou pa bezwen al depanse lajan al lakay doktè pou sa! Se pou w souliye ke egzamen pwòp tèt se yon bagay ki enpòtan epi li gratis tou.

8. Kansè nan kòl matris kapab trete lè w fè trètman ki rele « gade pou trete ».

Doktè a pwal retire matris la sèlman si kansè a gentan avanse. Pafwa yo sèvi

». Dokte a pwai retire matris la seiman si kansè a gentan avanse. Parwa yo sevi ak trètman « gade pou trete » a kòm pwosedè pou retire selil kansè yo.

Asire w ke ou souliye tout pwèn sa yo nan diskisyon w yo ak fason w'ap kominike nan kominote a.

1

Egzamen pou Modil 3 a

Ekri 5 nan mesaj yo ke ou bezwen kenbe nan tèt ou lè w'ap pale ak kominote a

1.....

2.....

3.....

4.....

5.....

Modil 4: Kijan pou aprann fanm egzamine tete pa yo

Sa ki pi enpòtan pase tout lòt bagay se pou detekte kansè nan tete a bonè. Si yon kapab depiste yon kansè bonè, l'ap gen pi bon chans pou gerizon. Se poutèt sa, li trèz enpòtan pou ou ankouraje fanm depiste pwòp tèt pa yo!

Sa ki swiv se yon gid pratik pou aprann fanm yo kijan pou yo pratike egzamen tete a pou kont yo. Ou ta dwe ka anseye sa nan gwo group tankou nan ti gwoup nan fè demonstrasyon pwosesis la etap pa etap. Anvan tout bagay, eksplike poukisa li tèlman enpòtan pou yo egzaminen tete yo pou kont yo epi ankouraje fanm yo pou fè egzamen sa pandan y'ap fè twalèt yo oubyen lè y'ap mete soutyen yo. Li enpòtan pou bay moun yo konsèy sou kilè ak ki jan pou yo fè egzamen tete a, paske sa va ede yo sonje fè l'.

Ak fanm k'ap swiv ou yo, leve kanpe epi repete etap sa yo. Si ou swiv etap sa yo, l'ap rann li pi fasil pou sonje tout pwosesis la.

Etap 1: Gade tete w yo ak zepòl ou yo byen dwat epi mete menw nan senti. Men sa w dwe chache:

- Tete ki gen gwozè, fòm, ak koulè abityèl li
- Tete ki gen yon fòm regilye san okenn chanjman ou gonfleman.

- Si w ta wè nenpòt nan chanjman sa yo, fè doktè a konn sa:
- Anba po a gen bouton, po plise, oubyen li anfle
- Pwent tete a chanje plas oubyen pwent tete a chavire (rantrè anndan tete a olye pou li ta soti)
- Koulè wouj, doulè, gratèl oubyen anfle

Sèvi ak kat yo pou montre gwoup la foto yo antan w'ap montre yo sa w'ap aprann yo.

Etap 2: Kounyè a, leve bra w yo e chache menm chanjman yo nou sot mansyone. Sèvi ak men dwat ou pou touche tete goch ou epi sèvi ak men goch ou pou touche tete dwat ou. Touche tete a nan yon fason ki fèm e regilye ak bout premye de ou twa dwet ou yo a. Se pou dwèt ou yo kouche plat sou tete a san yo pa separe. Fè yon mouvman tou won ki gen menm lajè ak yon pyès monnen.

Etap 3: Yon lòt fason ou kapab fè sa se pou ou kouche. Sèvi ak men dwat ou pou touche tete goch ou epi ak men goch ou pou touche tete dwat ou. Touche tete a nan yon fason ki fèm e regilye ak bout premye de ou twa dwet ou yo a. Se pou dwèt ou yo kouche plat sou tete a san yo pa separe. Fè yon mouvman tou won ki gen menm lajè ak yon pyès monnen.

Yon fwa w fin eksplike yo sa, mande yon volontè montre sa yo te aprann. Ede yo pase etap yo yonn pa yonn epi ede yo korije erè yo fè. Pwosesis sa enpòtan anpil pou ede gwoup la konprann epi aprann ansanm.

Egzamen pou Modil 4 :


Kisa **premye** etap la ye?

Kisa **dezyèm** etap la ye?

Kisa **twazyèm** etap la ye?

Modil 5: Sa pou nou fè si nou jwenn fanm nan kominote a ki gen sentom kansè

Si ou se yon Ajan sante kominotè, ou ka oblije pran kèk gwo desizyon ki enpòtan pandan w'ap travay. Pandan seyans sansibilizasyon ou yo, ou ka kontre ak fanm ki gen sentom kansè nan sen ou byen nan kòl matris. Pati sa nan fòmasyon an se yon gid pou kijan pou ou pran desizyon ki va ede ou idantifye siy k'ap montre ke yon fanm gen kansè.





Keksyon 1: Eske ou te egzamine tete ou yo nan mwa sa pou gwosè oubyen pou chanjman nan po?

Si moun nan di non: Eksplike li konbyen sa enpòtan pou li egzamine tete li yo regilyèman epi repete etap otoegzamen an ak li ankò. Mande l' pou li gade sen li yo pou li ka wè si yo chanje. Ou byen tou, li ka fè yon egzamen nan sant ou byen nan klinik ki pi pre a.

Si moun nan di wi, pa gen chanjman: Se pou ou felisite li epi ankouraje li kontinye menm jan nan lòt mwa.

Si moun nan di wi, li wè yon chanjman: Felisite li paske li te fè sa epi mande li si ou kapab santi ou gade kote li ap pale a. Fè li jwenn yonn nan sant trètman yo ki mansyone nan fen fòmasyon sa a.

Keksyon 2: Eske ou te janm fè yon depistaj pou kansè kòl matris ?

Si moun nan di non: Eksplike li ke kansè kòl matris la pa gen sentom (li pa montre pyès siy) epi se pou li fè yon depistaj pou kansè kòl matris la chak twazan. Fè li jwenn sant kote li kapab fè depistaj si li bezwen sa.

Si moun nan di wi: Montre li se yon gwo etap li franchi epi mande li depi kilè li te fè depistaj la. Si sa gen plis pase twa zan, eksplike yo kansè kòl matris la pa gen sentom epi tout fanm bezwen fè depistaj pou kansè kòl matris chak twa zan. Fè li jwenn yon sant trètman si li bezwen sa.

Modil 6: Bay swen ak soutni moun ki gen kansè nan kominote a

Pandan w'ap travay, ou ka bezwen fè swivi pou fanm nan kominote a ki te fè trètman kansè. Men kèk bon konsèy enpòtan pou ou ka soutni yo pi byen.



Mari yo ak patnè yo konn abandone fanm lè yo swiv trètman, donk sa rive souvan ke yon fanm kapab ap swiv yon trètman san sipò. Menm si fanmi yo bay yo soutyen, fanm yo ap toujou benefisye de sipò ak ankourajman lòt moun tou, sitou si yo gen ti moun ti moun y'ap leve pou kont yo. Ankourajman yon fanm jwenn nan legliz li oubyen a travè yon òganizasyon nan kominote a kapab yon pati esansyèl nan gerizon li a.



Fanm yo ki ap swiv trètman pou kansè a konn santi yo malad. Yo ta apresye si yon moun vin rann yo vizit lakay yo pandan trètman sa a. Chimyoterapi a konn di anpil pou kò a. Se sak fè vizit sa yo ap soutni fanm ki gen kansè. Òganizasyon ou yo kapab ede ou identifye moun sa yo pou egzamen kontwòl ou a.

Lè yon fanm fin fè operasyon, yo bezwen èd pou netwaye blese a. Si ou vizite yon fanm lakay li pou gade si blese a netwaye byen, sa ka fè moun nan geri pi vit, epi bay mwens chans pou li gen enfeksyon.

Sa rive souvan ke fanm k'ap swiv yon trètman pèdi cheve yo epi pafwa yo pèdi yon tete tou. Li enpòtan pou manm nan fanmi yo ak lòt moun nan kominote a konprann epi soutni moun sa yo. Ankouraje yo pou yo pale sou trètman an nan legliz epi mande kominote a soutyen.

Li enpòtan anpil pou n sipòte fanm ki gen kansè nan tete ou byen nan kòl matris metastatik nan kominote a. Li posib pou fanm ki gen kansè metastatik kapab resevwa lòt swen k'ap soulaje yo. Sa vle di y'ap resevwa chimyoterapi pou yo kapab redwi nan sentom epi santi yo pi pasab. Men kansè yo a pap janm geri paske li gentan trò avanse. Li osi enpòtan pou soutni fanm sa yo ak vizit a domisil ke pout soutni lòt fanm k'ap swiv trètman pou yo geri..

1. Fanm yo konn bezwen sipò nan men ajan sante yo paske moun konn abandone yo lè yo gen maladi kansè.

V F

2. Chimyoterapi a pa fè fanm yo malad.

V F

3. Ajan sante yo ka ede fanm yo swànye blese yo apre operasyon.

V F

4. Fòk fanm yo rete andedan lè y'ap pedi cheve yo epi pa patisipe nan zafè kominote a.

V F

5. Fanm ki gen kansè metastatik yo pral mouri, nou pa bezwen ba yo sipò.

V F

Modil 7: Ki kote sant ki gen otorite pou fè depistaj ak trètman kansè yo ye?

Sant depistaj ak trètman kansè sen

Innovating Health International, lopital Sen Lik, Taba 27 Ri
A. Pyè Pòl # 12 Chatoblon Pòtoprens.
Lopital Inivèsite Mibalè.
Sosyete Ayisyèn pou Onkoloji (SHONC), Dèlma 85
Pòtoprens.
Lopital Inivèsite Jistinyen, Okap.



Sant pou depistaj ak trètman kòl matris

Pòtoprens

Lopital Bernard Mevs, 2 Boulva Louvèti, Vilaj Solidarite, 4831 7961
Lopital Sen Lik, Taba
Family Health Ministries
Profamil
Fosref

Latibonit

Lopital Senterèz, Ench
Sen Mak
Lopital Inivèsite Mibalè, Mibalè
Klinik Depistaj Kansè ak Kòl Matris, Legliz Episkopal Dayiti, 97, Ri Jefra,
Gonayiv, 4095-5556

Nò

Lopital Sakrekè, Milo
Lopital Sen Franswa Sal, Vodrèy
Alyans Sante Obòy nan komin Obòy
Klinik Phyllis nan Lopital kominotè Obòy
Klinik Phyllis nan Lopital kominotè Ti Bouk
Klinique Sen Rafayèl
Lopital Sen Jan Lenbe Ayiti
Lopital Gran Rivyè di Nò
Lopital Lesperans Pilat Ayiti
Sant Medikal Betesda: Okap Ayisyen
Klinik Limonad

Nòdès

Sant Mediko Sosyal Wanament MSPP (Ouanaminthe)

Lopital kominotè Twoudinò

Lopital Monben Kwochi

Lopital Fòlibète

Lopital Montòganize

Sid

Lopital Imakile Konsepsyon, Okay

Fòmasyon nan Lopital Sentantwàn, Jeremi.

Fòmasyon nan Lopital Senmichèl, Jakmèl

Lopital Senterèz, Miragwàn

Modil 8: Gid aktivite a

Pou motive kominote a pou yo ka adopte konpòtman pozitif, ASK a pral oblije fè vizit lakay moun yo e mennen ti seyans fòmasyon nan ti gwoup e nan gran gwoup. Sa ASK a di kominote a e sa kominote a di li enpòtan anpil. ASK yo ka ede moun yo kalme krent yo sou kansè a epi bay yo sipò ak enfòmasyon yo bezwen.

Manm nan kominote a kwè nan mesaj ki soti nan moun yo konnen byen. Ajan sante kominotè yo ta dwe travay fas a fas ak reprezantan kominote a, lidè enfòmèl yo, paran yo, gerisè tradisyonèl yo, ak lòt moun nan kominote a pou bay mesaj ansanm epi òganize aktivite yo. Moun ta dwe pale ak moun yo nan ti gwoup osinon yonn pa yonn pou nou ka enfòme yo sou aktivite yo. Nou pa ta dwe pale ak moun yo sèlman. Nou ta dwe gen aktivite pou moun yo fè tou. Apre yon reyinyon, ASK yo ta dwe ankouraje tout manm nan kominote a pou yo pataje sa yo te aprann ak lòt moun.



Mobilize Kominote a

Ojektif mobilizasyon kominote a se pou ankouraje sitwayen yo patisipe nan aktivite kolektif yo epi satisfè bezwen moun nan kominote a. Patisipasyon sa a dwe gen enpak pozitif sou chak moun endivdyèl e sou tout kominote a.

Kominote a dwe mennen lit kont kansè a nan ede fanm ki te gen kansè yo goumen kont stigmat, bati estim pou pwòp tèt yo epi ankouraje kominote a pou angaje lòt moun.

Poukisa sa mobilizasyon enpòtan?

Tout moun nan yon kominote dwe santi yo byen. Lè tout kominote a patisipe, sa ankouraje manm li yo devlope konpetans ki esansyèl e sa devlope tout potansyèl kominote a.

Lè tout moun nan kominote a fin konprann sa e tout moun ap patisipe, li vin posib pou gen bon jan chanjman siyifikatif nan politik ak atitid ki fòme lavi kolektif pèp la. Se nan yon kontèks konsa ke nou kapab aprann moun pi fasil pou yo respekte dwa tout

nan yon kontèks konsa ke nou kapab aprann moun pi fasil pou yo respekte dwa tout fanm genyen pou yo viv an sekirite, pou yo libere emansipe e entegre nan tout nivo sosyete a.

1

Mobilize kominote a nan lit kont kansè va enplike yon ogmantasyon de angajman nou pou nou ede tout moun jwenn edikasyon ak sèvis sante. Sa pral mande nou fè anpil efò pou respekte dwa ak diyite fanm ki gen kansè. Kominikasyon patisipatif pou devlopman gen pou wè ak itilize medya yo ak tout mwayen de kominikasyon entèpèsònèl pou ede kominote a kreye kèk objektif epi dekouvri solisyon pou pwòp pwoblèm pa li yo.

Kominikasyon patisipatif se yon teknik pou mobilize kominote a. Teknik sa deja prouve kapasite li pou chanje konpòtman moun, redwi tansyon ant moun, e bati solidarite pou fanm ki gen kansè nan kominote a. Fanm Ayisyèn yo sibi vyolans souvan. Yon teknik kominikasyon patisipatif ki rann kont de tout gwoup diferan yo ak nivo konfyans yo tout genyen nan ou kapab rezoud anpil nan pwoblèm yo ki asosye ak kansè fanm. .

Pou asire kominikasyon patisipatif nan zafè kansè fanm nou dwe idantifye :

- Moun ki enfekte dirèkteman ou byen endirèkteman.
- Mesaj ki pi enpòtan pou transmèt
- Tout chèn enfòmasyon
- Tout mwayen enfòmasyon
- Zouti konsyantizasyon ak kominikasyon

Kijan mwen ka idantifye moun ki konsène dirèkteman ou endirèkteman?

- 1- Moun ki aktè konsène dirèkteman yo se fanm ki gen kansè yo ak fanmi yo.
- 2- Moun ki aktè konsène endirèkteman yo se lòt aktè tankou enstalasyon sant, konsèy lavil la, òganizasyon fanm ak lòt òganizasyon entènasyonal k'ap travay nan domèn nan.

Kisa tout kalite enfòmasyon yo ye?

- 1- Enfòmasyon disponib sou sèvis tretman ak fason pou fasilite aksè yo.
- 2- Enfòmasyon sou kalite sèvis ki diponib yo.
- 3- Mesaj etanda yo ki defini yo moun, medikasyon ak fanmi yo, òganizasyon klan

3- Mesj standa yo ki defini pa moun malad yo ak fanmi yo, òganizasyon k'ap patisipe nan menm sektè a. .

Ak ki chèn enfòmasyon nou kapab sèvi?

- 1- Laprès (medya)
- 2- Radio kominotè
- 3- Lekòl ak Legliz ak mache piblik

1

4- Aranjman nan travay tradisyonèl yo (Kòve, konbit, èskwad)

Ak ki mwayen nou kapab sèvi pou konsyantize pèp la?

- 1- Kominikasyon ak mas pèp la, tankou pase anons nan match foutbòl, jounen detant yo, fèt patronal yo ak fèt prive.
- 2- Kominikasyon entèaktiv tankou: gwoup dyalòg, dyalòg ant gwoup diferan ak klèb diskisyon.

Ak ki zouti nou kapab sèvi?

- 1- Zouti kominikasyon tankou: Ti liv, fich, kat ilustrasyon, banyè ak kat evalyasyon.

Angajman kominotè ak kansè fanm

Si tout diferan patiprenan yo angaje yo pou lite ak kansè, sa va bay pi bon rannman. Sa vle di enplike enstitisyon sante yo, lekòl, legliz, òganizasyon baz yo, klèb sosyal (kilti, èspò, edikasyon...elatriye) ak tout pati politik yo nan mouvman konsyantizasyon an.

Kèk konsèy pou sansibilizasyon kominote a:

- Aprann sou kalandriye sezon lokal yo;
- Prepare yon plan epi swiv li;
- Fòme patenarya ak lòt gwoup k'ap fonksyone nan anviwònman sante fanm;
- Transmèt mesaj yo klè epi egzat;
- Aprantisaj sou tan pwopis la nan gwo evènman yo;
- Kapasite pou koute ak pou yo koute w tou
- Sonje idantifye w ak moun ki konsène dirèkteman ou endirèkteman ak pwoblèm

... nan.

Pati sa nan liv la bay egzanp sou aktivite, sijè enpòtan pou kouvri, ak strateji pou ASK yo itilize lè y'ap mobilize manm kominote yo nan lit kont kansè. Li enpòtan pou ASK yo travay atravè anviwònman laj nan kominote a. ASK yo dwe rete pozitif e koute sa ki enkyete kominote a, rezoud pwoblèm yo epi evite pale sèlman. Fòk yo koute tou. Fòk ASK yo itilize plizyè strateji diferan pou sipòte chanjman nan konpòtman pèp la. Pou ede ou transmèt tout enfòmasyon ou gen pou transmèt la. Nou te prepare yon ti gid aktivite pou ou! Kèk nan aktivite sa yo ka pi apwopriye pou òganizasyon pa w la pase lòt, donk ou gen dwa chwazi sa ki pi apwopriye pou bezwen pa ou yo.



Aktivite 1: Envite yon fanm ki te siviv kansè oubyen yon fanm k'ap viv ak kansè aktyèlman pou li vin pale nan kominote a

Kounyè a ke w aprann kèk enfòmasyon sou kansè, ou ka kòmanse panse a kèk fason pou kominike sa ak kominote a. Men yon fason pou fè kominikasyon kamarad ak kamarad.

Sa soti nan nan èksperyans nou, moun ki te gen kansè deja epi ki rekouvri se pi gwo kominikatè ki genyen sou sijè sa. Yo rakonte istwa ki pisan anpil. Yo pral kapab edike ak sansibilize lòt moun sou vale trètman ak depistaj genyen lè y'ap pale sou istwa pa yo. Moun k'ap koute yo ap ri e kriye, men y'ap fè yon koneksyon anmenmtan ak yon moun ki te viv ak kansè tout bon vre. Ou ka envite fanm ki soti nan gwoup sipò IHI yo, oubyen nan gwoup sipò kont kansè vin pale ak kominote w la!

ETAP POU PRAN YO:

1. Trouve yon espas ki apwopriye nan kominote a pou kenbe fòmasyon an. Espas ki pi apwopriye yo se Legliz oubyen klèb sosyal.
2. Trouve yon moun ki te chape anba kansè ki ka vin pale nan

- rasanbleman an lè w kontakte GSCC oubyen IHI.
3. Pwograme yon jou ki konvenyan kote evenman kapab pran plas.
 4. Yon jou ki gen sèvis nan legliz toujou yon pi bon opsyon.
 5. Rann fasil arrive fanm ki pwal pale y oak fason n'ap entwodwi yo nan kominote a.
 6. Asire w ou pase w de tout materyèl ou gen apre seyans lan.

Nòt mwen yo....

1



Aktivite 2: Diskite prevansyon kansè a nan mache

Pafwa li difisil pou anseye strateji prevansyon yo. Kansè se yon maladi ki lye tou ak sa nou manje, pouki sa nou pa sèvi ak mache a pou fòmasyon an?

Fwi ak legim enpòtan anpil pou kenbe kò moun an sante e pou yo byen fonksyone. Gen anpil fwi ak legim ke moun an Ayiti renmen, yo te ka mete yo plis nan repa yo. Nan mache a, poukisa nou pa di machann yon ak moun ki bò kote yo ke aliman sa yo bon pou prevni kansè? Moun k'ap koute yo pral pratike sa yo te aprann pandan y'ap achte manje yo. Nou ka menm diskite sou manje ayisyen ki pi bon pou prevni maladi kansè a. Mayi moulèn oubyen legim?

ETAP POU PRAN YO:

1. Jwenn yon espas ki apwopriye nan mache a pou kenbe seyans lan
2. Twouve kote machann yo ye nan kominote w la ki kapab patisipe nan sevans edikasyon an kote kliyan yo ka tou itilize pwodwi yo

- nan seyans edikasyon an kote khyan yo ka tou itilize pwodwi yo kòm pwen diskisyon an.
3. Chache yon jou ki apwopriye pou evènman an.
 4. Mennen yon ti seyans kesyon ak repons, ak moun ki vin nan mache yo sou prevansyon kansè a.
 5. Distribye tout materyèl ou te pote pou moun li aprè seyans lan.

Nòt mwen yo....

1



Aktivite 3: Itilize kat « vre ak pa vre » yo pou wè epi tèste konesans moun yo.

**Fanm nan kominote aprann pi byen pandan y'ap pratike!
Pouki pou nou pa itilize kat ki ken imaj pou ede yo aprann?
?**

Nan klèb manman, ou ka edike sou kansè fanm ak imaj. Objektif la se pou ankouraje fanm al fè tès depistaj la. Li trè pwobab ke medam yo w'ap rankontre la pral gen menm laj ak demografik la w'ap vize. Yo kapab aprann sou kansè anmenmtan y'ap fè klas repwodiksyon sante yo. Apre seyans lan ou ka jwe jwèt kat la, « vre oubyen pa vre ». Ou kapab jwenn deklarasyon pou ekri sou kat yo nan bwat zouti IHI a.

ETAP POU PRAN YO:

1. Deside ansanm ak òganizasyon ou oswa ak klinik ou ki jou ki pi bon pou sesyon edikasyon kansè nan klèb yo.
2. Rakonte istwa sou fanm ki te gen kansè pandan wap fè sesyon edikasyon an epi bay yo kèk enfòmasyon jeneral sou lasante.
3. Apre seyans lan, ajan sante a ap kenbe kat « vre ak pa vre » yo nan men l'. Li pral ale nan sèk la poze chak moun yon keksyon vre oubyen pa vre. Si moun nan byen reponn li gen dwa kenbe kat la. Moun nan ki gen plis kat nan fen jwèt la ap genyen.
4. Apre seyans lan, ajan sante a ap kenbe kat vre ak pa vre yo nan men l'. Li pral poze chak moun yon keksyon vre ou byen pa vre si moun nan byen reponn li gen dwa kenbe kat la. Moun nan ap remèt kat la nan fen rapò.
5. Asire w ou distribye tout materyèl ou genyen apre seyans lan.

Nòt mwen yo....

1



Aktivite 4: Itilize kat imaj yo nan seyans edikasyon gwoup yo

Swiv imaj yo, rakonte istwa a!

Ou ka itilize seyans edikasyon an gwoup pou edike moun a yon nivo ki pi wo e pou angaje kominite a pou yo bay fanm ki gen kansè yo sipò. Seyans gwoup yo ta dwe melanje..

ETAP POU PRAN YO:

1. Planifye yon seyans an gwoup kote w'ap ka edike sou kansè.
2. Ak kat imaj yo, swiv istwa yon madanm an Ayiti ki gen kansè
3. Apre istwa a, itilize imaj yo pou anseye chak sijè seyans lan.
Esplike moun yo sa sijè sa yo gen pou wè ak istwa a ou sot rakonte a.
4. Apre seyans lan, ou ka itilize jwèt kat « vre ak pa vre » a pou teste konesans moun yo.
5. Distribye tout materyèl ou te pote apre seyans lan.

Nòt mwen yo....

1



Aktivite 5: Kreye yon gwoup sipò pou sipòte fanm ki gen kansè

Fanm ki ap swiv chimyoterapi a ak operasyon ka rankontre yonn ak lòt pou bati yon rezo sipò.

Yon fwa ou fin identifye kèk fanm ki nan tretman pou kansè ou ka kreye yon gwoup sipò pou yo. Ou ka twouve nenpòt moun nan gwoup sipò a ki ka ede nan kous la.

gwoup sipò a ki ka ede nan kous la.

ETAP POU PRAN YO:

1. Kreye yon lis ak non e nimewo telefòn fanm ou konnen ki ap swiv tretman pou kansè nan kominote a.
2. Ou ka rele chak fanm separeman epi mete tan apa pou rankontre yo nan sant la, nan klinik la ou byen nan òganizasyon an.
3. Rann sa fasil pou manm gwoup la pale yonn ak lòt. Pèmèt yo rakonte istwa yo ak nenpot sousi yo genyen.
4. Byen ke ou kapab itilize seyans sa yo pou edike, pi gran objektif ou genyen pandan seyans sa yo se pou soutni moun yo nan yon fason psiko-sosyal. Reponn nenpòt keksyon fanm yo poze ou.
5. Asire w ou pase w de tout materyèl ou gen apre seyans lan

Nòt mwen yo....

1



Aktivite 6: Rekrute fanm nan kominote a kòm anbasadè

Ekipe fanm pou vin anbasadè nan kominote yo pou yo ede nan lit kon kansè

Fanm ki gen aktivite anbasadè pwal ede w sansibilize plis fanm pou depiste epi trete. Trouve fanm ki gen eksperyans ak depistaj la oubyen maladi a se etap enpòtan pou anbasadè a kredib.

ETAP POU PRAN YO:

1. Trouve fanm ki te fè depistaj oubyen ki te fè trètman epi ki vle pale sou sijè a.
2. Ankouraje yo pale ak lòt fanm nenpòt lè yo kapab sou eksperyans pa yo e pou ede lòt moun debarase ak krent yo te genyen sou depistaj ak trètman.
3. Distribye nenpòt materyèl edikasyon ou te pote apre seyans lan.

Nòt mwen yo....

